# QARAQALPAQSTAN MÁDENIYATINIŃ RAWAJLANIWINDA RADIO HÁM TELEVIDENIE XIZMETI TARIYXINAN

Qaraqalpaq mámleketlik universiteti

Arxeologiya kafedrasi  t.i.k., professor w.a.

**Aytmuratov Jalǵas**

Qaraqalpaq mámleketlik universiteti

Tariyx fakulteti Tariyx jónelisi 2-kurs magistrantı

**Begdullaev Ilyas**

**Annotaciya.** Usı maqalada Qaraqalpaqstanda mádeniyat rawajlanıwında radio ham televidenienin áhmieti tallanadı. Radio ham televidenienin milliy mádeniyat hám dástúrlerdi úgit-násiyatlaw, ruwxıy-aǵartıwshılıq bilimlerdi jetkeriw jáne dóretiwshilerdi qollap-quwatlawda áhmietli qural esaplanadı. Ǵalaba xabar quralları Qaraqalpaqstanda mádeniyattı qáliplestiriw hám rawajlandırıwda dástúrlerdi saqlaw, milliylikti úgit-násiyatlaw hám mádeniy almasıwdı ámelge asırıwda ayrıqsha áhmietke iye. Bul maqalada regiondaǵı ǵalaba xabar qurallarınıń tariyxıy evolyuciyası, dáslepki baspa hám efir ǵalaba xabar qurallarınan baslap zamanagóy sanlı platformalarǵa shekemgi rawajlanıwı haqqında sóz baradı.

**Kirisiw.** Özbekstan respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoyev ózinin baspa sóz hám galaba xabar quralları xızmetkerleri kúnine baylanıslı qutlıqlaw sózinde «Hazirgi kúnde respublikamızda 1500 den zıyat galaba xabar quralları xızmet kórsetpekte bir gana Özbekstan milliy teleradiokompaniyası quramındağı telekanallardın bir sutka dawamındağı ulıwma efir waqtı 616 saattı quraydı. Gárezsizlikten burın bul kórsetkish barı-joğı 48 saatqa teń edi.» - dep kórsetkenindey búgingi kúni respublikamızdağı barlıq

telekanallardıń 53 payızı, radiokanallardıń 85 payızı mámleketlik emes galaba xabar quralları túrinde xizmet kórsetedi.

Búgingi kúni teleradiokompaniyaları respublikamızda reformalardıń nátiyjeli ámelge asıwında, jámiyetshilik pikirin, puxaralardıń sotsiallıq belsendiligin kúsheytiwge úlken áhmiyetke iye. Eń baslısı barlıq dárejedegi basshi ham qanigelerdi el-jurt pikiri menen, búgingi zaman talapları menen esaplasqan túrde jumis alıp barıwǵa úyretedi. Milliy mádeniyatımızdı úyreniwde Qaraqalpaqstan teleradiosı xızmetiniń payda bolıwı hám rawajlanıwı XX ásirde mádeniyatımız tariyxındağı áhmiyetli waqıya bolıp tabıladı. Qaraqalpaqstan radio esittiriw komiteti 1931-jıl 17-dekabrde Tórtkúl qalasında jumıs baslaǵan bolsa. Qaraqalpaqstan televideniesi óziniń dáslepki kórsetiwlerin 1964-jıldıń gúzinde baslaydı. XX ásir adamzat tariyxındağı eń ullı jańalıqlar hám ájayıp ózgerisler dáwiri bolıwı menen, bul ásir insanlardıń kúsh-qúdiretin, uqıp-bilimin adamzattıń keleshegine qollanǵan hám jer júzilik mádeniyattıń rawajlanıwına úles qosqan tásiri bolıp tabıladı.

Tiykarınan alganda Qaraqalpaqstan radio ham televideniesinin xızmetiniń payda bolıwı ham rawajlanıwı, bul insaniyattıń ilimge qosqan jańalıqları hám adamnın döretiwshilik xizmeti menen tikkeley baylanıslı. Sebebi dúnyada radio xızmetiniń negizi 1876-jılı Evropada dáslepki telefon baylanısınıń payda bolıwı menen 1896-jılı Rossiyada A.S.Popov tárepinen dúnyada birinshi bolıp, radio baylanısınıń oylap tabılıwı menen tikkeley baylanıslı. Bul ullı ilimiy janalıqlar sol dáwir ushın gana emes, házirgi ilim dünyasındağı tariyx jılnamasına altın háripler menen jazılıp, adamzattıń ruwxıy jetilisiwin jáne bir basqıshqa rawajlandırdı.

**Ǵárezsizlik dáwirinde Qaraqalpaqstan televideniyesi xızmeti**

Búgingi künde galaba xabar qurallarınıń ishinde eń auditoriyası köp xalıqshıl hám eń aldıńğı qatarda turatuğın televideniye bolıp esaplanadı. Texnikanıń tez pát penen rawajlanıwı televidenieni baska baylanıs quralları ishinde birinshi oringa alıp shıqtı. Solay etip, televideniye óziniń jıldamlılığı, tásirshenligi, xalıqshıllığı menen danq taratpaqta.

Sonlıktan da búgingi kúnde televideniye hám radionın elimizde amelge asırılıp atırgan demokratiyalıq hám sotsial-ekonomikalıq reformalardı xalıqqa jetkeriwde orni hám roli kútá áxmiyetli.

Televideniye kúndelikli ómir, turmıs tárizin sáwlelendiriwshi ayna. Qaraqalpaqstan televideniyesi óz jumısın baslağanına 60 jıl bolsa, bul jıllar ishinde basqıshpa-basqısh rawajlanıp, búgin zaman menen ten qádem taslap, Özbekstanda aldıngı televidenieler qatarında názerge túsip atır.Qaraqalpaqstan televideniyesi házirgi globallassıw protsesslerinde telekommunikatsiya tarawınıń tez pát penen rawajlanıwında, telekórsetiw hám radioesittiriwlerdi tarqatıw sistemasına eń zamanagoy texnologiyalar, sifrlı, mobil internet-televideniyesine uqsagan jana media-sistemalar turmısımızğa hȧm engizilip atır.Málimleme kommunikatsiya tarawın reformalaw, xabar hám sóz erkinligin támiyinlew jolında baslangan isler basqıshpa-basqısh dawam ettirilip atırğan bolıp, mámleketimiz basshısı tárepinen islep shığıw usınıs etilgen <<Teleradioesittiriwler haqqında»ğı Özbekstan Respublikası Nızamı buǵan ayqın misal boladı. Sonday-aq, ámeldegi «Telekommunikatsiyalar haqqında»ğı nızam normaların jáne de jetilistiriw boyınsha özgerisler kirgiziw közde tutilgan. Bul nızamlar sifrlı teleradioesittiriw sistemasına ótiw boyınsha mámleket bağdarlamasın islep shığıw hám elimizde usı tarawdıń jane de rawajlanıwına tiykar boladı.

**Qaraqalpaqstan radiosı xızmeti XX-ásirdiń 30-40 jıllarında**

XX-ásirdin 20-30-jıllarında Qaraqalpaqstannıń mádeniy rawajlanıwı kolonial dúzimniń barlıq territoriyalarında bolǵanınday bolsheviklerdiń «mȧdeniy revolyusiyası» yamasa milliy mádeniyatqa húkimli háreketi menen baylanıslı boldı. Qaraqalpaqstan respublikasında mȧdeniy ağartıw mekemeleri bolgan kitapxanalar, klublar, qızıl chayxanalar, radio, kino, hám baspa sóz tarmaqları kolonial dúzim ideologiyasın keń xalıq massası arasında úgit násiyatlap otırdı. Kóplegen gazeta jurnallar, kórkem siyasiy hám milliy izertlewler qaraqalpaq hám rus tillerinde neshe júz mıńlap baspadan shıǵarıldı[1]. Olar arqalı keń jámáátshilik ortasında tárbiya hám ağartıwshılıq isleri kúsheydi. Solay etip 30-

jıllardıń aqırına kelip Oray siyasatı küsheydi. Qaraqalpaqstan avtonomiyalı oblastı territoriyasında birinshi radiostansiya haqqındağı mağlıwmat 1924-jıl 13-dekabrge tuwra keledi. Tap usı sånede smeta yagniy qurılıs dúzilisi belgilendi. Radiostansiyanıń kuwatlılığı Moskvadan alınǵan esittiriwlerdiń qabıl etiwine mólsherlengen edi. Orta Aziya pochta telegraf okrugi Tórtkúlde qabıllaw radiostansiyanı ornatıwdı åskeriy radio qånigesi D.G.Kuznetsovqa tapsırıldı, hám ol bul jumıstı orınlaydı. 1925-jıl Qaraqalpaq radiosınan «radio xabar», «radio mağlıwmat» esittiriwlerin Moskvadan alıp bere basladı.

**Qaraqalpaqstan radiosı ğárezsizlik jırshısı**

Öziniń 90 jıllıq tariyxiy xizmeti dawiri ishinde radionıń jámááti san hám sapa jağınan ósip, ülken döretiwshilik küshke aylandı. Radioniń materiallıq texnikalıq bazasıda jıldan-jılğa bekkemlendi. Házirgi zaman ásbap-úskeneleri menen támiynlengen úsh qabatlı jaña radio úyinin qurılısınıń pitkeriliwi ayrıqsha quwanishli waqıya boldi.Jaña radio esittiriw úyinin paydalanıwǵa beriliwi Qaraqalpaqstan hükimeti, Özbekstan Respublikası mámleketlik teleradio esittiriw kompaniyası basshıları tárepinen körsetilgen úlken materiallıq járdem boldı. Radionın ortasha kúnlik esittiriwleri 1991-jılı bes saat bolsa, al 1992-jıldan baslap altı saatqa jetkerildi. Xalıq penen baylanıslardı jänede bekkemlew måqsetinde radionıń 70 jıllığı aldınan bir qatar rayonlarda: Elikqalada, SHımbayda, Törtkülde. Qoniurat, Xojeli rayonlarında radio künleri ótkerildi. Bul doslıq dóretiwshilik baylanıstı kúsheytti. Xalıqlar doslığı teleradio jurnalistleri ushın kúndelikli jetekshi temaga aylangan. Eń jaqsı esittiriuler usı máselege bağıshlanadi. Ulıwma aytganda jumisshi awıl xabarshılarınan miynetkeshlerdin xatları usınıs hám tilekleri radio esittiriwleri ushın tiykarğı material bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaqstan radiosının döretiwshilik jámááti 2002-jıl ámelge asırılıwı kerek bolgan jumıslardıń bağdarların belgilep 2002-jıl ushin hår bir redaksiya boyınsha jumis joybarı islenip shığıp, ol teleradiokompaniyasınıń kollegiyasında tastıyqlangan. Sonday-aq, 2002-jıl ushın beriletuğın esittiriwlerdiń setkası islenip shığılgan. Radio búgingi kuni hár kúni esittiriwler tayarlap efirge shıǵaradı. Bul esittiriwlerde tiykarınan Özbekstan

respublikası Prezidenti pármanları, Özbekstan húkimeti qararlarım turmusqa asırıw boyınsha respublika ekonomikasınıń sotsiallıq turmısın madeniyatın, ádebiyatın, iskusstvosın keń túrde propagandalaw boyinsha úlken jumıslardı amelge asrip atır. Radionun barlıq redaksiyaları özleriniň jumis joybarların qaytacian körip shığıp, esittiriwlerdiń tematikasın keńyeyttiriw birin biri qaytalaytuğın esittiriwlerdin ornına radio tıńlawshılardıń dıqqat itibarın ózine tartatuğın, olarga oy salatuğın jaña esittiriwler payda boldı

**Radio ham televideniye informaciya hám tálim quralı sıpatında.**

Radio ham televideniye tek ǵana mádeniyat hám kórkem ónerdi úgit-násiyatlaw emes, al informaciya jetkeriw hám bilim beriwdiń de áhmiyetli quralı esaplanadı. Qaraqalpaqstanda radio ham televideniye arqalı jámiettiń túrli qatlamları ushın áhmietli jańalıqlar, sociallıq mashqalalar, bilimlendiriw hám ilimiy-aǵartıwshılıq esittiriwler ham korsetiwleri beriledi.

**Radio ham televideniye bilimlendiriw quralı sıpatında**

Radio ham televideniye bilim beriw quralı sıpatında da úlken áhmiyetke iye. Bilimlendiriw baǵdarlamalarınıń radio ham televideniye arqalı tarqatılıwı mektep oqıwshıları, studentler hám óz betinshe úyreniwge umtılıp atırǵan shaxslar ushın keń imkaniyatlar jaratadı. Birinshiden, radio arqalı til úyreniw baǵdarlamaları, ilimiy bayanatlar hám tariyxıy esittiriwler efirge beriliwi bilimlendiriw procesin bayıtadı. Máselen, qaraqalpaq tili, ózbek tili, inglis tili hám basqa tillerdi úyreniwge baǵıshlanǵan esittiriwler tıńlawshılardıń til kónlikpelerin arttırıwǵa xızmet etedi. Ekinshiden, radio arqalı texnikalıq pánler hám jámietlik pánlerge baylanıslı arnawlı bilimlendiriw esittiriwleriniń shólkemlestiriliwi tıńlawshılarǵa jańa bilimlerdi ózlestiriw imkaniyatın beredi. Máselen, matematika, fizika, biologiya, tariyx hám ekonomika sıyaqlı pánler boyınsha arnawlı radio sabaqlar ótkeriliwi bilim alıw imkaniyatların keńeytedi

**Juwmaq**. Televideniye kúndelikli ómir, turmis tärizin sáwlelendiriwshi ayna. Qaraqalpaqstan televideniyesi öz jumısın baslağanına 60 jil bolsa, bul jıllar ishinde basqıshpa-basqısh rawajlanıp, búgin zaman menen teń qádem taslap, Özbekstanda aldıngı televidenieler qatarında názerge túsip atır.

Qaraqalpaqstan televideniyesi, usı jıllar ishinde televideniyede júz bergen ülken özgerislerdiń, barlıq televidenielerdegi sıyaqlı rawajlanıw hám kóplegen jańalanıwlar bolıp atır.Qaraqalpaqstanda radioham televideniye mádeniyat, milliy qádiriyatlar hám dástúrlerdi úgit-násiyatlawda áhmietli orın tutadı. Ol tek ǵana informaciya jetkeriw emes, al bilimlendiriw hám aǵartıwshılıq deregi sıpatında da xızmet etedi. Birinshiden, radio ham televideniye xalıq awızeki dóretiwshiligi, muzıka hám kórkem ónerdi keń jámiechilikke jetkeriwde nátiyjeli platforma bolıp, milliy mádeniyattı jas áwladqa sińdiriwge járdem beredi. Ekinshiden, ol awıllıq aymaqlarda operativ hám isenimli málimleme deregi bolıp, bilimlendiriw baǵdarlamaların keńnen úgit-násiyatlawda úlken rol atqaradı. Zamanagóy texnologiyalar menen únlesken radio internet-radio, podkastlar hám jasalma intellekt imkaniyatları menen rawajlanıp barmaqta. Keleshekte sanlı platformalar menen integraciyalanıwı onıń auditoriyasın jáne de keńeytip, interaktiv hám tásirsheń málimleme quralına aylanıwına xızmet etedi. Juwmaqlap aytatuǵın bolsaq, xalıqtın sotsiallıq belsendiligin asırıw, olarda belsendi puqaralıq pozitsiyasın qáliplestiriw, kúshli puqaralıq jámiyetin quriwda galaba xabar quralları, atap aytqanda, Qaraqalpaqstan televideniyesi hám radiosında málim dárejede óz úlesin qosıp atır.

**Paydalanılgan ádebiyatlar:**

1. Мирзиёев Ш.М. Миллий тараккиёт йўлимизни қатъият билан давом ттириб, янги боскичга кўтарамиз.-Тошкент:«Ўзбекистон» НМИУ, 2017 498-б.

2. Мирзиёев Ш.М. Халкимизнинг розилиги бизнинг фаолиятимизга берилган энг олий баҳодир. 2-жилд. Тошкент. «Ўзбекистон». НМИУ, 2018 250 бет

3.Muhammadaminovna, M. T. (2023). O‘ZBEKISTONDA RADIONING SHAKLLANISHI VA RIVOJLANISHI (1927-1991-yillar). *QO ‘QON UNIVERSITETI XABARNOMASI*, *7*, 82-85.

4.Джумашев, А., & Уразова, Л. К. (2020). КУЛЬТУРНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКИЕ УЧРЕЖДЕНИЯ КАРАКАЛПАКСТАНА ВО ВТОРОЙ ПОЛОВИНЕ 40-Х-50-ГОДАХ ХХ ВЕКА. *Интернаука*, (17-1), 33-35.

5.Айтмуратов Ж. Культура Каракалпакстана в 70-80 годы: Автореф. Нукус 1997.